

KONFLIK SOSIAL WONTEN ING NOVEL PAWESTRI TANPA IDHENTITI ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

SOCIAL CONFLICT IN THE NOVEL PAWESTRI TANPA IDHENTITI BY SUPARTO BRATA

Oleh: Riska Fauda Alfian, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

Sarining Panaliten

Panaliten kanthi irah-irahan konflik sosial ing novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* anggitanipun Suparto Brata menika gadhah ancas kangge ngandharaken wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik sosial* saha cara paraga kangge mungkasi *konflik sosial*. Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif kanthi pendekatan sosiologi sastra. Sumber data ingkang dipunginakaken inggih menika novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* anggitanipun Suparto Brata. Cara ngesahaken data kanthi validasi semantis ingkang dipunambali teras tumrap data. Wondene reliabiliitas ingkang dipunginakaken inggih menika reabilitasi intrareter. Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunanalisis mawi analisis deskriptif. Asiling panaliten menika awujud *konflik sosial* antawisipun ajrih, boten pitados, duka, padudon, boten saged nampi kahanan, saha pameksan. Pawadan ingkang murugaken *konflik* antawisipun inggih menika pulisi badhe nggropyok kamaripun Victor, pulisi dereng tinemu *bukti* menawi Pawestri tiyang ingkang becik, Pangestu sampun mangertos *asal-usul* piyambakipun lansapanunggalanipun. Salajengipun wonten cara mungkasi *konflik sosial* antawisipun inggih menika tinulung, tanggél jawab, nrima, damel rembagan kulawarga, pados warta, boten sarujuk lan sapanunggalanipun.

Pamijining Tembung : *konflik sosial*, novel *Pawestri Tanpa Idhentiti*

Abstract

The research with credits Konflik sosial ing novel Pawestri Tanpa Idhentiti write's Suparta Brata having direction to explain aform of social conflict, factor that become social conflict and to showing social conflict finish in novel Pawestri Tanpa Idhentiti. The research is form likes descriptif with literatur sosiologi. The resources wich for novel Pawestri Tanpa Idhentiti writer's Suparto Brata. How to valid with semantic valid that answer to data. Such reliabilitas take a reablilitas intrareter. The data wich already correct next analysis wich descriptif analysis. The result a research is shape into wich conflict social amongst afraid, do not believe, angry, bicker, don't accept situation and force. The factor that make to conflict is the police attack Victor room, the police don't have proof, Pangestu will know origin a man etc. And how to finishing conflict is help, responsibility, accept a situation, discussion with family, search a news, don't agree etc.

Keywords: conflict social, Pawestri Tanpa Idhentiti

PURWAKA

Novel menika asalipun saking tembung *novella* saha *novella* menika ngewrat *istilah* Indonesia inggih menika *novelet* (basa Inggris: *novelte*), ingkang ateges salah satunggaling karya *prosa fiksi* ingkang wosipun boten dawa ananging ugi boten ciut, utawi saged dipunsebat samadya kemawon, Nurgiyantoro (2007: 9-10). Novel menika nyariosaken babagan pagesangan manungsa wonten ing masarakat ingkang gadhah satunggaling *konflik*. *Konflik* ingkang narik kawigatosan inggih

menika *konflik sosial*, amargi *konflik sosial* menika *konflik* ingkang gegayutanipun marang lingkungan masarakat sakiwa tengenipun paraga.

Novel ingkang gadhah maneka warni *konflik* inggih menika novel *Pawestri Tanpa Identiti*. Babagan ingkang saged narik kawigatosan wonten ing novel inggih menika *konflik sosial*-ipun. *Konflik sosial* menika boten kalampahan kaliyan paraga utama kemawon ananging para pambiyantu paraga ugi saged njalari *konflik sosial* menika, saengga dadosaken *konflik sosial* menika langkung *varitif*.

Novel *Pawestri Tanpa Idhenti* menika saged karembag kanthi sosiologi sastra. Babagan ingkang wigati wonten ing novel inggih menika wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik sosial*, saha cara paraga mungkasi *konflik sosial* ing novel menika, babagan kalawau ingkang karembag wonten ing panaliten menika.

GEGARAN TEORI

Miturut Damono (1979: 8) sastra menika kayata sosiologi, sastra uga gayutan kaliyan manungsa saha masyarakat sakiwa tengenipun, tegesipun satunggaling *usaha* manungsa kangge *menyesuaikan* piyambakipun lan *usaha* kangge ngubah masyarakat wonten ing lingkunganipun.. Miturut Suroso (2009: 103) sosiologi sastra adhedhasar karya sastra inggih menika *refleksi* utawa *cerminan* masyarakat wonten ing zaman karya sastra menika ingkang sinerat. Dados sosiologi wonten ing karya sastra yaiku *refleksi* utawa *cerminan* masyarakat wonten ing lingkungan piyambakipun ingkang kedah wonten *proses pemahaman* kangge usaha *menyesuaikan individu* lan usaha kangge ngubah masyarakat ing lingkungan sakiwa tengenipun.

Konflik menika kadadean ingkang wigatos amargi *konflik* menika *unsur esensial* ingkang ambangun plot utawi alur. *Konflik* menika satunggaling cara panganggit kangge narik kawigatosan pamaos, amargi ngandharaken wujud lan wosing konflik ugi kadospundi konflik menika kaandharaken (Nurgiyantoro 2007: 122). Konflik sosial inggih menika konflik ingkang kasebabna

kanthi wontenipun *kontak* sosial antawisipun manungsa, utawi perkawis-perkawis ingkang kasebabna amargi gegayutan kaliyan manungsa, Nurgiyantoro (2007: 124). Dados *konflik sosial* menika nalika setunggal tiyang antawisipun tiyang sanes ingkang gadah mapinten pinten perkawis, saged agawe tiyang menika derdah menawi boten sami kaliyan pamanggihipun. Konflik menika awujud dramatik mila konflik wonten ing karya sastra menika asipat *imajinatif*.

Andharan saking Sayuti (2000: 12) cerpen, novella, lan novel menika *fiksi* ingkang asipat formal, ananging kita saged damel *kategori* sanes miturut pamanggih tartamtu. Miturut Nurgiyantoro (2007: 4) novel ingkang dados *karya fiksi* menika gadhah donya piyambak, kayata pagesangan ingkang nyata, *dunia imajinatif*, ingkang kabangun kanthi unsur-unsur intrinsikipun yaiku *peristiwa*, *plot*, paraga, papan panggenan, *sudut pandang*, lan sapanunggalaning ingkang sedaya asipat *imajinatif*. Dados novel inggih menika karya sastra ingkang asipat *naratif* utawa bisa kasebat *prosa*, ingkang kabangun kanthi unsur-unsur intrinsikipun yaiku *peristiwa*, *plot*, paraga, papan panggenan, lan *sudut pandang*; ugi wonten unsur ekstrinsik, ingkang sedaya wau asipat *imajinatif*.

Novel menika salah satunggaling *prosa fiksi* ingkang gadhah *totalitas*, sedayan wosipun wonten novel menika asipat *artistik*. Kanthi gadhah *totalitas*, novel menika wonten maneka warna *unsur-unsur* pambangunipun, *unsur* setunggal kaliyan sanesipun kedah gayut supados novel

menika saged runtut. *Unsur* ingkang dipunginakaken wonten novel dipun perang dados kalih, yaiku *unsur intrinsik* lan *unsur ekstrinsik* (Nurgiyantoro, 2007: 22-23).

Unsur intrinsik yaiku *unsur-unsur* ingkang saged mbangun karya sastra lan saged mbangun cariyos ing novel kanthi langsung. *Unsur* setunggal kaliyan sanesipun saling gegayutan supados novel saged runtut. *Unsur intrinsik* ingkang mbangun novel yaiku prastawa, carios, *plot*, paraga, *tema*, papan, *sudut pandang pencitraan*, basa utawi *gaya bahasa* (Nurgiyantoro, 2007: 23). Miturut Wiyatmi (2008: 30) paraga inggih menika para tiyang ingkang lumampah wonten ing setunggaling *karya fiksi*. Paraga woten ing *fiksi* menika karya saking panyerat, ugi saged nggambaraken tiyang-tiyang saking pagesangan ing donya. Awit saking menika, ing salebeting *fiksi* paraga kedahipun saged asipat alamiah. Miturut andharan saking Nurgiyantoro (2007: 74) tema wonten ing karya sastra menika namung salah satunggaling unsur ingkang mbangun carios menika, wondene tema menika *notabene "hanya"* wosing utawi *gagasan dasar* saking satunggaling cariyos, ingkang boten saged kabentuk menawi unsur sanesipun boten wonten.

Unsur ekstrinsik menika uga kababar kanthi mapinten-pinten *unsur*, *unsur-unsur* menika antawisipun yaiku "keadaan subjektivitas individu pengarang yang memiliki sikap, keyakinan, dan pandangan hidup yang kesemuanya itu akan mempengaruhi karya yang ditulisnya". *Unsur* sanesipun inggih menika *psikologi* panyerat

(ingkang wosipun *proses kreatif*), *psikologi* pamaos, lan *prinsip psikologi* wonten ing karya sastra menika. *Unsur* kayata ekonomi, politik lan sosial uga kalebu *unsur ekstrinsik* wonten ing karya sastra, Wellek & Warren lumantar Nurgiyantoro (2007: 24).

CARA PANALITEN

Panaliten menika Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *pendekatan sosiologi sastra* kanthi *metode deskriptif*. Panaliten *pendekatan sosiologi sastra* inggih menika *pendekatan* karya sastra kanthi migunakaken *aspek-aspek* masyarakat wonten ing lingkunganipun. Miturut Ratna (2011: 24) bilih sosiologi sastra menika salah satunggaling *aktivitas* kanthi ngrembag *aspek-aspek* masyarakat wonten ing karya sastra menika piyambak, awit saking menika analisis sosiologi sastra ngrembag babagan *aspek-aspek* pagesangan saking masyarakat wonten ing karya sastra. Sumber data wonten ing panaliten menika, inggih novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* anggitanipun Suparto Brata cithakan kaping pisan kanthi 392 kacaipun lan kandelipun buku 14 x 23 cm. Novel menika katerbitaken saking Narasi, Yogyakarta, kanthi taun 2010 cethakan ingkang kaping pisan. Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. Novel dipunwaos kanthi permati supados saged mangertosi wosing novel menika, lajeng dipunserat wonten ing kertu data. Data ingkang

sampun dipunserat lajeng dipunanalisis ngginakaken *pendekatan* sosiologi sastra.

Data ingkang sampun makempal lajeng dipunanalisis kanthi cara: Maos kanthi teliti novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* salajengipun dipunanalisis jumbuh kaliyan teori ingkang sampun kaserat; Data ingkang sampun makempal dipuntandhani ingkang jumbuh kaliyan perkawis ingkang dipunteliti. Asil kasebut dipunserat wonten ing kartu data; Nggambaraken sedaya data ingkang sampun kaanalisis kanthi cara-cara ing nginggil menika.

Caranipun nganalisis data ingkang kaginakaken wonten panaliten menika ngginakaken teknik deskriptif. Teknik deskriptif menika katindakaken kanthi cara-cara mekaten: Ngetrapaken teori inggih menika teori babagan *sosiologi sastra*; Kategorisasi, data menika dipunpilah menapa kemawon ingkang jumbuh kaliyan wujud konflik sosial, pawadan ingkang murugaken konflik sosial lan anggenipun paraga nalika mungkasi konflik sosial; Tabulasi inggih menika nyathet wonten ing tabel sedaya data ingkang sampun dipunpilah kalawau; Analisis data menika pangelompokan data lan dipunanalisis kanthi cara deskriptif; Inferensi inggih menika damel dududan saking data ingkang dipunanalisis.

Keabsahan data saged pikantuk kanthi cara validitas saha reabilitas. Validitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika yaiku validitas semantis. Miturut Endraswara (2011: 164) validasi semantis menika duwe ancas jumbuhaken data saking karya sastra kaliyan konteks *wacana*,

saengga data ingkang awujud wacan saged jumbuh kaaliyan konteksipun. Ancas saking validasi semantis menika saged katindakna kanthi cara nganalisis data-data ingkang awujud wacan ingkang jumbuh kaliyan watakipun para paraga.

ASIL SAHA PIREMBAGAN

Ajrih inggih menika raos ingkang sumelang utawi *was-was* amargi wonten salah satunggaling perkawis ingkang ndadosaken piyantun boten kendel. Salebeting novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* menika wonten wujud *konflik sosial* yaiku ajrih, *konflik sosial* menika kaandharaken ing ngandhap menika:

“Ora kepenak cangkrung ning kene. Ayo, meyang kamarku wae!” pangajake Victor. Rada njengek, sajak ana sing dielingi saalika kuwi uga. Kanthi kesusu Victor nggeret Panuluh meyang lift. Marga lifte lagi wae munggah, Victor gajak Panuluh liwat undhak-undhakan wae. Munggahe meh karo mlayu. Rada ketantingan Panuluh nyangking tase. (PTI: kaca 9)

Andharan ing nginggil menika wicantenan antawisipun Victor Holiday marang Panuluh. Watakipun Victor ingkang kuwatos menika saged nuwuhaken ajrihipun Victor marang pulisi ingkang badhe menyang kamaripun. Victor saha Pagestu menyang kamaripun Victor wonten ing lante tiga. Victor ngatos narik astanipun Panuluh saha mlayu manyang kamaripun, ngantos Panuluh *ketantingan*. Victor tansah kuwatos bilih Pawestri kagropyok marang pulisi, anggenipun ngendika ugi mawi *ekspresi* ingkang *njengek* wonten ing ukara menika:

Rada njengek, sajak ana sing dielingi sanalika kuwi uga. (PTI: kaca 9)

Tembung *njengek* menika ngandharaken salah satunggaling asipat ingkang nedhahaken menawi piyantun menika gadah sipat ajrih, kadosta Victor mawi *ekspresi njengek* ingkang kemutan menawi wonten piyantun estri wonten ing kamaripun. Boten pitados inggih menika prastawa ingkang boten wonten *bukti* ingkang nyata, utawi prastawa ingkang apus-apus. Prastawa menika ugi wonten ing salebeting novel *Pawestri Tanpa Idhentit*, menika andharanipun:

“Kita tetep ora ngandel. Durung ana bukti sing cukup kuwat yen wog iki wong becik-becik. Dadi ya kudu kita gawa nyang mapolsek. Mengko priye putusan urusane ya neng kana sawise di-introgasi. Yen ora ana bukti dhokumen sing nyata, ya mlebu bui!” ujare pulisi isih karo swara ngenyek. Ora percaya karo rembuge panuluh. (PTI: kaca 12)

Andharan wonten ing nginggil menika yaiku pawicantenan antawisipun pulisi kaliyan Panuluh nalika badhe tinulung Pawestri. Pulisi Pamong Praja ingkang asipat teges menika boten pitados marang andharanipun saking Panuluh, amargi boten wonten *bukti* ingkang nyata menawi Pawestri menika tiyang wadong ingkang becik. Kanthi swanten ingkang boten mratandani menawi kurmat marang sanesipun pulisi kalawau boten pitados andharan saking Panuluh, menika andharanipun:

“ujare pulisi iseh karo swara ngenyek. Ora percaya karo rembuge panuluh” (PTI: kaca 12)

Tembung *swara ngenyek* menika ngandharaken bilih pulisi kalawau boten pitados

kaliyan andharan saking Panuluh amargi deren wonten bukti ingkang nyata. Tembung *swara ngenyek* menika nuduhaken menawi tiyang menika kurang kurmat kaliyan tiyang sanaes amargi wonten perkawis ingkang boten cocok tuladhanipun perkawis ingkang apus-apus.

Duka inggih menika raos piyantun ingkang nuduhaken nesu, boten remen saha kuciwa amargi wonten tumindak utawi pamatur tiyang sanes ingkang boten trep kaliyan pamanggihipun. Salebeting novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* ugi wonten wujud *konflik* duka, menika andharanipun:

“Eh, Vi! Sik ta! Menenga dhisik! Perluku nelpun iki ya marga maca surat kabar grtisan, SUara Jakarta dina iki. Ning dudu prekara minicab sing gulung-koming, ditrajang banjir. Pawarta liyane. Ngisore kuwi. Warta kang cemar banget. Ya Suara Jakarta sing kokwaca, ning sing Jakarta Timur. Jenenge bapak disebut ning kono. Sakiki Dhik Kun nyang endi?” Pangestu rada sentak ngilingake adhine. (PTI: kaca 24)

Andharan wonten ing nginggil menika pawicantenan saking Pangestu marang Xavira. Watakipun Pangestu ingkang gampil duka menika nuwuhaken *konflik* marang ramanipun. Ngendikanipun Pangestu menika kanthi swanten ingkang *nyentak* amargi magertosi warta ingkang cemar sanget, inggih menika warta saking ramanipun. Suwanten ingkang *nyentak* kala wau mratandhani bilih watakipun Pangestu ingkang gampil anggenipun duka. Andharan raos duka saking Pangestu wonten ing ngandhap menika:

“Eh, Vi! Sik ta! Menenga dhisik! (PTI: kaca 24)

Andharan menika nedahaken bilih Pangestu duka marang Xavira ingkang boten mirengaken pamanggihipun saking Pangestu amargi boten maos warta ingkang cemar sanget. Andharan menika kanthi ngginakakne *tanda seru* ingkang kaping tiga, menika nuduhaken menawi pangandikanipun Pangestu menika sentak radi duka.

Padudon inggih menika raos piyantun ingkang sanes pamanggih kaliyan pamanggih piyantun setunggalipun. Ugi saged dipunsebad guneman piyantun ingkang padha mangsuli saegga saged ndadosaken cecongkahan utawi cekcok. Novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* menika ugi kalampahan *konflik* padudon, menika andharanipun:

“Becik priye, wong nggada planyahan nongo, lo! Wedok, ora duwe KTP, neng hotel bengi-bengi. Lan ketok banget Bapak anggone ngaya ngayomi. Mesthi ana gegayutan karo Bapak. Gegayutan kang marga Bapak kakung, lan wong kuwi wedokan saba hotel! Cemer!” “Wis ta, Nges. Iki ora perkara planyahan. Tekadku iki perkara tetulung wong kesangsaran, kacilakan. Wong apik-apik sing nandang kacilakan. Daktulungane sing kanthi permati. Ora-ora yen jenenge kulawargane kene kucem merga kadadean iki. Aku sing tanggung” Panuluh ora njegeges meneh (PTI: kaca 36)

Pawicantenan nginggil menika pawicantenan antawisipun Pangestu marang Panuluh, tiyang kekalih kalawau padha ngrembag babagan Pawestri. Saking pamanggih Pangestu, Pawestri menika yaiku tiyang wadon ingkang boten becik, boten gadah

KTP saha menyang hotel wayah dalu, ananging Panuluh boten sarujuk marang pamanggih saking Pangestu. Panuluh ngendika kanthi teges supados Pangestu mangertos prastawa sejatosipun. Padudon antawis rama saha putranipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

“Becik priye, wong nggada planyahan nongo, lo! Wedok, ora duwe KTP, neng hotel bengi-bengi.” (ujare Pangestu)

“Wis ta, Nges. Iki ora perkara planyahan,” (ujare Panuluh) (PTI: kaca 36)

Ukara nginggil menika nedahaken bilih Pangestu duka marang Panuluh, amargi Panuluh tinulung Pawestri ingkang tiyang wadon boten becik, tiyang planyahan, ananging Panuluh mbantahananggihipun saking Pangestu. Kanthi tembung *“wis ta, Nges. Iki ora perkara planyahan”* menika mratadani bilih Pawestri menika sanes tiyang planyahan kadasta ingkang kaandharaken kaliyan Pangestu.

Boten saged nampi kahanan yaiku raos ingkang boten nampi utawi boten saged nrima salah satunggaling perkawis ingkang saged ndadosaken tiyang menika duka utawi tiyang menika saged piwales ingkag linuwih ageng. Novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* ugi wonten *konflik* boten saged nampi kahanan, menika andharanipun:

“Aku jan lara banget atiku. Wong wedok kuwi oleh bandha kamulyan kang kaya ngono kuwi moyore. Ora mekakat tenan! Gek pawitane apa, wong ya mung pawadonane thok ngono, lo!”

gumremenge Pangestu ing sandhinge bojone.

“Ah, Mas. Kok ngono, ta? La bu Pawestri kuwi sajake rak pancen dikersakke Bapak. Upama Mas Nges ora gara-gara gawe akta prejanjen pikukuh ing notaris, mesthine Bapak rak wis krama karo Bu Pawestri. Sakiki ststuse ngambang rak marga anane akta prejanjen kuwi. Nanging, jabang bayi sing dikandhut bu Pawestri, administrasine ora bisa dipenggak saka unine prejanjen. Manut biologise ya tetep putrane Bapak.” (PTI: kaca 243)

Pawicantenan menika ngandharaken menawi Pangestu menika boten saged nampi kahanam amargi Pawestri menika kapariagan kamulyan saking ramanipun Pangestu. Pangestu ingkang serik kaliyan Pawestri menika nuwuhaken raos ingkang duka. Menika raos Pangestu ingkang boten saged nampi kahanan marang Pawestri:

Aku jan lara banget atiku. Wong wedok kuwi oleh bandha kamulyan kang kaya ngono kuwi moyore. Ora mekakat tenan! (PTI: kaca 243)

Ukara nginggil menika ngandharaken bilih Pangestu menika boten saged nampi kahanan menawi Pawestri pikantuk bandha saking ramanipun ingkang mangombra-ombra. Tembung *aku jan lara banget atiku* nuduhaken bilih Pangestu menika lara atinipun amargi Pawestri pikantuk bandha ingkang kamulyan sanget.

Pameksan inggih menika salah satunggaling prastawa ingkang kalampahan kekalih piyantun supados piyantu setunggal tumindak kaliyan

kekarepanipun ananging piyantun sanes boten purun, utawi tumindak kanthi meksa. Salebeting novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* menika ugi nglampahi konflik pameksan, menika andharanipun:

“Kowe kabeh aja melu-melu. Aku sing kepingin manggon ing omah kene. Wis, ayo, mulih. Dakenteni sajrone seminggu, lo, Bu. Yen ora brubah pikiran, emoh lunga seka dalem kene, daklapurke pulisi,” panganceme Pangestu. (PTI: kaca 314)

Andharan menika pawicantenan antawisipun Pangestu kaliyan Pawesti ingkang ngrembag babagan dalem Jatiwaringin. Pawestri menika dipun peksa kaliyan Pangestu supados kedah pindah saking dalem Jatiwaringin, menika andharan pameksan saking Pangestu:

Dakenteni sajrone seminggu, lo, Bu. Yen ora brubah pikiran, emoh lunga seka dalem kene, daklapurke pulisi. (PTI: kaca 314)

Ukara menika ngandharaken bilih Pangestu ngancem Pawestri menawi setunggal minggu boten jengkar saking dalem Jatiwaringin badhe dipunlapurake marang pulisi. Pameksan Pangestu menika boten ethok-ethok katandhani kaliyan tembung *“daklapurke pulisi”*, menika nuduhaken menawi Pangestu gadah niat kangge ngusir Pawestri.

Panulah saha Victor Holiday ingkang sampun rampung anggenipun rapat banjur padha srawung wonten ing lobi hotel. Ananging nalika nembe padha lenggah wonten pulisi saha satpol PP ingkang badhe *razia pekat (penyakit masyarakat)*.

Dhisike arep dijak omong-omongan ing bar lounge lobi hotel. Nanging nalika lagek

arep lungguh ing bar, ndadak ana rame-rame wong akeh mlebu ing lobi, saperangan nganggo sandhangan pulisi lan satpol pangledhahan kamar-kamar dikancanikaro pegawe hotel. Pengumuman dibaleni meneh nganggo basa Inggris. (PTI: kaca 9)

Prastawa ing nginggil menika ngandharaken nalika pulisi saha satpol PP badhe nglampahi gropyokan pekat, ananging Victor menika tansah sumelang ngengingi wonten razia. Tuan Victor radi kuwatir amargi Victor mbekta tiyang wadon ing kamaripun, dados prastawa menika nuwuhaken *konflik sosial* nalika Victor ajrih amargi wonten gropyokan pulisi saha satpol PP.

Pulisi ingkang nuyun katrangan marang Pawestri, ananging Pawestri menika boten wangsulan pitakenanipun pulisi. Panuluh ingkang tanggel jawab Panuluh lan Victor marang Pawestri banjur wangsulan *durung nganti maspadakake, ana pengumuman ing pengeras swara, yen para sing teka kuwi pulisi lan pulisi pamong praja, sing arep nggropyok mriksa kamar-kamar hotel, gropyokan rutin kang mawa sandi razia pekat (penyakit masyarakat) sing dicakake dening pemerintah wilayah Jakarta wetan kanggo ngantisipasi mbabrake penyakit masyarakat, yakuwi ngonsumsi narkoba lan prostitusi. Para tamu sing nginep ora perlu kuwatir yen ora nglakoni kang mengkonono. Panggropyokan ing hotel wis kanthi idi manajer hotel, lan pitakenan saking pulisi kangge tinulung Pawestri.*

“Iki sekertarisku. Arep dikapake? Tuwan iki sing duwe kamar iki, aku karo tuwan iki mau nganakake rapat ing lobi ngisor,

sekertarisku dikongkon Tuwan iki njupuk flashdisk,” kanthi cepet tanpa piker dawa Panuluh mrotos.

“Ah, mongsok ngono? Wong nalika kene mbukak kamar iki dheweke ora lagi katon cilengan nggoleki barang apa-apa” ujare pulisi sing sajake pemimpine.

“Nanging, iki lo asile rapat ing lobi mau. Aku karo tuwan Holiday iki nganakake kontrak sahabipraya dagangan daging import saka Australi. Ing tasku iki mung orek-orekan cathetane. Akta prejanjene wis padha digawa mulih perkawilane dhewe-dhewe. Rapatr ning libi kana, lo. Yen ora percaya takono receptionist hotel, wong anggone rapat ya terdhaftar hotel!” Panuluh angger mbubul wae omonge, nduweni niyat nylametake wong wadonkuwi.

“Apa bener ngono? Sapa jenenge wong iki? Endi KTP-ne? kene ora nemokake idhenticine,” ujare pulisi “Pawestri. Endi dhompetmu?”

Oh, katut ing tase umsari, ya?” Maneh-maneh Panuluh omong asal muni wae. Apa sing kumlebat ing pikir terus diwutahake. “Katut neng nggone kancane sing melu rapat mau. Merga Pawestri pancen diutus Tuwan Holiday njupuk barang mreng, nalika rapat ngarepake bubar.” (PTI: kaca 11)

Panuluh ingkang tinulung marang Pawestri supados boten dipuntangkep kaliyan pulisi, ananging pulisi tetep *introgasi* Panuluh. Panuluh wangsulan menapa kemawon supados saged tinulung marang Pawestri ananging pulisi boten pitados marang penggalihe Panuluh. Prastawa menika nuwuhaken *konflik sosial* boten pitados antawisipun pulisi marang Panuluh. Pangestu ingkang nembe maos pawarta enggal kaget amargi wonten pawarta ingkang cemar, yaiku pawarta saking ramanipun ananging Xavira boten mangertos pawarta kasebut. Xavira maos pawarta sanes, banjur Pangestu medhot pmatuuripun Xavira.

“Halo? Apa Mas Nges?” “Kowe lagi apa? Neng endi?”

“Neng ngomah. Maca Suara Jakarta, surat kabar anyar, surat kabar lagi promosi, gratis. Iki lo mesake banget. Udan saawan wingi pancen deres tenan. Tol menyang bandhara banjir bandhang. Ana minicab sing kaglundhung-glundhung kentir keterak banjir. Wong papat klebu cah cilik mati klelep ora bisa metu saka mobile. Mesakake banget...!” “O, pawarta Jakarta Barat, ya?”

“Minicab keluarga Tegal Parang. Ngeterake tamune balik menyang Surabaya menyang bandhara. Jarene, manut tangga-tanggane sing mung nyekseni saka kampunge, kudune sa minicab isi wong pitu, keluarga Tegal Parang sing ngeterake tamune telu, lanang wadon karo anake umur telung taunan, papat karo sopire, - jare sopire iseh blajaran durung suwe anggone bisa nyopir, malah mbokmenawa durung duwe rebuwes – dene tamu saka Surabaya cacah telu, lanang wadon sarimbit karo anake bocah ngumur rong taun. Wingi sing ketemu ing njero mobil mung wong papat, lanang-wadon sajodho tuwan rumah karo bocah-bocah umur rong taun lan telung taun. Dene sopir karo tamune lanang saka Surabaya kang ucul saka mobile ketemu mati kentir tekan Pantai Indah apa ngono, watara patang-limang kilometer saka papan mobile sing keglundhung-glundhung. Mesakake banget...!” (PTI: kaca 23-24).

Pawicantenan nginggil menika nedahaken bilih Pangestu saha Xavira nembe pawicantenan babagan pawarta saking Jakarta Barat. Xavira ingkang nyariosaken wosipun surat kabar enggal menika namung Pangestu medhot cariyosipun Xavira amargi pawarta ingkang kacariyosaken dening Xavira boten wonten gayutanipun kaliyan kulawargane, menka ingkang ndadosaken dukanipun Pangestu marang Xavira.

Pangestu ingkang boten saruuk menawi Pawestri menika diputunggu kaliyan Panuluh ing Griya Sakit Waluyajati. Pangestu taksih boten pitados menawi Pawestri menika tiyang wadon ingkang becik.

“Sakniki tiyange dospundi, sé?”

“Isih dipriksa tliti dening Dr. Nining Febri.”

“La gene bapak nggih mboten saged tumut nunggoni pepriksan. Mboten sah ditunggoni njenggruk jam-jaman ngoten enten napa, ta? Taken kuwarasane mengko ditakeke king ndalem?” Pangestu isih owel wae. (PTI: kaca 36)

Panuluh ingkang nengga Pawestri ing griya sakit ngantos dangu ndadosaken kuciwanipun Pangestu. Pangestu boten mangertos penggalhipun saking Panuluh, Pawestri menika tiyang ingkang boten becik, tiyang planyahan nanging Panuluh nggaya anggenipun ngayomi Pawesti ingkang gerah. Menika ingkang nuwuhaken padudun antawisipun Pangestu saha Panuluh.

Pangestu ingkang kaget menawi Pawestri menyang kantoripun sampung nitih mobil ingkang sae. Pangestu taksih boten mangertos penggalih saking ramanipun ingkang paring kamulyan bandha kathah sanget marang tiyang playahan.

Pangestu jan meri tenan! Jan kuwatir tenan! Menyang putra-putane mung diparengake duwe mobil Honda City lan Kijang Innova. Kuwi wae Pangestu lan Kuncahnya kudu nyambutgawe kanthi getol, ora oleh mlincur apa nglokro. Kok sakiki marang wong wedok dudu apa-apane Bapak Panuluh lomane kaya mengkono! Wis, ora pakra tenan, Bapak Panuluh Barata kuwi!

“Iki mesthi gara-gara jabangbayi sing dadi ing wetenge wong wedok planyahan kuwi! Kasile anggone nlonthe!” Pangestu jan misuh-misuh tenan ing batin!

Bareng mobile anyar New Camry warna silver dibukak kanggo ngacarani Pangestu mlebu ing sisihe sopiran, Pangestu saya kaget. Njerone mobil ora kaya sabaene. Barang Pawestri uga wis mlebu ing jok mburi, mobile

terus mlaku disopiri Amir Tanjung. Pangestu sing nuduhake dalan. (PTI: kaca 240-241)

Pangestu kuwatir menawi bandha saking ramanipun telas kangge kamulnyanipun Pawestri. Pangestu ugi meri marang Pawestri amargi Pawestri gadah mobil enggal ingkang salebetipun wonten aksesoris ingkang sami kaliyan meja kantor.

Pangestu boten remen anggenipun Pawestri wonten ing dalem Jatiwaringin, Pangestu ugi badhe ngusir Pawestri saking dalem Jatiwaringin ananging Pawestri boten purun medal saking dalem menika.

“Ning omah iki omahku, warisane ska ibu-bapakku. Bapakku sing duwe cikal-bakale prusahakan daging njendhel iki. Dadi ya dadi bandha warisanku. Kowe dudu apa-apane Bapak, Bu. Mula jengkara wae saka dalem kene.”

“Aku emoh.”

“Yen ngono daklapurake pulisi.”

“Mangga wae. Nanging, kuwi mengko apa malah ora gawe crahe keluwarga kita lan ngganggu gawe majune prusahakan daging sing lumaku rancang iki?”

“Yak owe kuwi sing gawe crah. Wong dudu batih lan dudu asli waris kok dikon pindhah saka omah kene ora gelem. Rumangsamu apa? Dakenteni seminggu iki, muga-muga brubah pikiranmu, Bu. Telpuna aku. Yen ora ana kabare ing ndalem seminggu iki, ya daklapurke pulisi tenan. Dakrudapeksa liwat pengadilan,” ancemane Pangestu. (PTI: kaca 313)

Pawestri ingkang boten purun medal saking dalem Jatiwaringin badhe daklapuraken marang pulisi. Nanging Pawestri tetep boten purun medal saking dalem Jatiwaringin amargi Pawestri ugi ngrekadaya mekaripun PT Frozenmeat Raya.

Tetulung inggih menika cara mungkasi konflik ingkang kalampahan dening Panuluh marang Victor Holiday. Victor Holiday ingkang rumaos ajrih kaliyan Pulisi saha Satpol PP amargi mbekta tiyang wadon ing kamar, dados nyuwun pitulungan marang Panuluh supados nylametake tiyang wadon kalawau.

“Wong wedok iki kepergok ing kamar kono,” kabeh kaya pdha arep kandha.

“She is a good girl. Poor woman. Help her, please! I pray!” Victor nyerang.

Tanpa serange Victor, Panuluh wis gumreget arep nylametake pawestri kuwi.

“Iki sekertarisku. Arep dikapakake? Tuwan iki sing duwe kamar iki, aku karo Tuwan iki mau nganakake rapat ing lobi ngisor, sekertarisku dikongkon Tuwan iki njupuk flashdisk,” kanthi cepet tanpa pikir dawa Panuluh mrotos.

“Ah, mongsok ngono? Wong nalika kene mbukak kamae iki dheweke ora lagi katon cilengan nggoleki barang apa-apa,” ujare pulisi sing sajake pemimpine. (PTI: kaca 11)

Panuluh ingkang tinulung Victor kangge nylametake tiyang wadon saking gropyokan menika dipunalangi kaliyan Pulisi Pamong Praja, pulisi boten pitados menawi tiyang wadon kalawau sekertarisipun. Pulisi menika boten tinemu bukti menawi tiyang

wadon kalawau *sekertaris* ingkang nembe mendhet *flashdisk*.

Cara mungkasi *konflik* mawi tanggel jawab menika kalampahan dening Panuluh marang Pulisi. Pulisi menika ngraos menawi Panuluh menika apus-apus anggenipun paring katrangan saha pulisi ugi dereng tinemu bukti ingkang kiyat menawi tiyang wadon kalawau, tiyang becik.

*“Aku sing tanggung jawab,”
Panuluh ngotot.
“Ya, ayo. Melu menyang mapolsek!”
Ora nggubris karo ngotote Panuluh,
para pulisi ngglendheng pawestri mau
oncat saka kono. (PTI: kaca 12)*

Andharan pawicantenan nginggil menika nuduhaken menawi Panuluh tanggel jawab kaliyan pawestri menika, ananging pulisi boten nggubris pangandikanipun Panuluh ingkang ngotot. Pulisi ugi dawuh marang Panuluh nderek menyang mapolsek supados saged paring katrangan kanthi pener.

Rembugan kulawarga menika dados cara mungkasi *konflik* antawisipun Pangestu saha Xavira. Pangestu ingkang ngraosaken duka marang Panuluh (ramanipun) ingkang mbekta tiyang wadon hotelan menyang griya sakit.

“Ah, aku isin banget. La iki wis telpun kowe. Anu, rencanaku engko sore kene bareng-bareng nemoni Bapak. Aku, Zetta, kowe, Dhik Kun. Dik Kun candheten ora sah mulih wae, kon terus njujug dalem Jatiwaringin, kowe mengko dakampiri.”

*“Ya, coba, dakrembuge. La mengko yen Bapak ora neng ndalem, priye?”
“Pokokmen perkara iki gage diurus. Kenapa ndadak nggawa wong wedok hotelan barang*

menyang Waluyajati? Kabar sing ditulis kuwi bener apa ora? Yen bener kersane Bapak ki apa? Yen ora bener, kene perlu klarifikasi karo wartawane.”

*“Ya wis. Mengko disambung maneh.”
(PTI: kaca 25)*

Andharan ing nginggil menika nuduhaken menawi Pangestu menika badhe ngrampungaken perkawis ingkang gawe cemaripun nama kulawarga Panuluh Barata kanthi rembugan kulawarga. Pangestu ugia kepingin mangertos katranganipun saking Panuluh supados perkawis menika saged rampung.

Cara mungkasi *konflik* antawisipun Panuluh saha Pangestu yaiku pangandikan kanthi mantep. Pangestu ingkang gadah penggalih menawi tiyang wadon ingkang dipuntulung kaliyan Pangestu menika tiyang planyahan, ananging Panuluh bela tiyang wadon menika amargi niat tinulung kanthi ikhlas.

“Wis ta, Nges. Iki ora perkara planyahan. Tekadku iki perkara tetulung wong kesangsaran, kacilakan. Wong apik-apik sing nandang kacilakan. Daktulungane sing kanthi permati. Ora-ora yen jenenge kulawargane kene kucem merga kadadean iki. Aku sing tanggung” Panuluh ora njegeges meneh, nanging ngimbangi nyengkane Pangestu. Mau anggone njegeges pancen ngrekadaya supaya tingkahe tetulung Pawestri kuwi dianggep entheng, remeh dening anak-anake. Supaya prekarane sing gegayutan karo Victor Holiday ora nyenthok mbundhel. Nanging bareng Pangestu sajak nganggep perkara iki ora sepele, pancen yen nganti nggubet maneh marang Victor Holiday ya ora sepele – Panuluh kudu nanggepi panerkane Pangestu kanthi tandang tanggap kang teges. (PTI: kaca 36-37)

Andharan nginggil menika nuduhaken bilih Panuluh kedah ngendika kanthi mantep, supaya Pangestu saged precaya marang Panuluh babagan tetulungan marang Pawestri.

Legawa inggih menika cara mungkasi *konflik* antawisipun Pangestu kaliyan Zetta. Pangestu ingkang boten katrima amargi mangertos Pawestri pikantuk bandha ingkang kathah saking Panuluh. Zetta banjur matur kaliyan Pangestu kanthi legawa saha ngandharaken babagan kanthi sareh marang Pangestu.

“Anak haram kae wong biologis, iketan batine Bapak mesthi ora pedhot.”

“Yakuwi lo, Jeng sing dakkuwatirake! Bandhane Bapak dienggo nguja wong wedok kuwi! Diploroti saenake udele!”

“Ya lumrah, Bapak nguja. Wong kuwi ya ibune putrane. Kepriye carane ngopeni putra sing becik yen ora ngopeni ibune nganti kepenak?” (PTI: kaca 243-244)

Andharan nginggil menika nuduhaken menawi Zetta wangsulan kanthi legawa saha sareh marang Pangestu supados Pangestu boten duka malih. Xavira ugi matur menawi Panuluh kedah nguja Pawestri amargi Pawestri menika ngandhut jabang bayi saking Panuluh.

Cara mungkasi *konflik* kanthi legawa saha sareh ugi kalampahan dening Pangestu kaliyan Pawestri. Pangestu badhe meksa Pawestri supados tilar saking dalem Jatiwaringin, nanging Pawestri boten purun.

Pawestri banjur matur supados boten perlu tumindak menkaten.

“Mbok ora sah duka-duka ngono, ta, Mas. Awake dhewe kuwi urip kepenak kurang apa? Mbok ayo ta, Mas, sing rukun-rukun wae, sing nedha nrima marang nasib paringane Allah iki...” Pawestri isih karo grenengan nalika nguntabake tamu-tamune budhalan mulih. (PTI: kaca 314)

Andharan nginggil menika nuduhaken bilih Pawestri gadah pangajap supados Pangestu boten duka-duka saha saged sareh anggenipun ngrampungaken babagan bandha warisan saking Panuluh. Pawestri ugi kepingin Pangestu menika boten perlu tumindak menkaden amargi samangke saged damel crahipun kulawarga Panuluh Barata.

PANUTUP

Adhedhasar asiling panaliten saha Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan babagan *konflik sosial* wonten ing novel *Pawestri Tanpa Idhentiti* anggitanipun Suparto Brata, saged dipunpendhet dududanipun kadosta ing ngandhap menika:

1. Wujud *konflik sosial* ajrih antawisipun paraga Victor saha pulisi menika dipunsebabaken amargi wonten gropyokan rutin saking Pulisi saha Stpol PP. Wondene cara mungkasi *konflik* inggih menika Panuluh ingkang tinulung Victor saking gropyokan pulisi.

2. Wujud *konflik sosial* boten pitados antawisipun pulisi saha Panuluh menika dipunsebabaken pulisi ingkang dereng tinemu *bukti* menawi Pawestri tiyang ingkang becik. Wondene cara mungkasi *konflik* inggih menika Panuluh tanggel jawab marang pulisi babagan Pawestri.
3. Wujud *konflik sosial* duka antawisipun paraga Pangestu saha Xavira dipunsebabaken Xavira boten mirengaken penggalhipun Pangestu. Wondene cara mungkasi *konflik* inggih menika Pangestu damel rembagan kulawarga.
4. Wujud *konflik sosial* padudon antawisipun paraga Pangestu saha Panuluh dipunsebabaken Panuluh ngaya anggenipun ngayomi Pawestri. Wondene cara mungkasi *konflik* inggih menika Panuluh nampa padudonipun Pangestu kanthi mantep lan teges.
5. Wujud *konflik sosial* boten saged nampi kahanan antawisipun paraga Pangestu saha Zetta dipunsebabaken bandha kamulyan saking Panuluh kaparingaken dening Pawestri. Wondene cara mungkasi *konflik* inggih menika Zetta nampa pamanggihipun Pangestu kanthi legawa saha sareh.
6. Wujud *konflik sosial* pameksan antawisipun paraga Pangestu saha Pawestri dipunsebabaken Pangestu badhe nglapuraken Pawestri marang Pulisi. Wondene cara mungkasi *konflik* inggih menika Pawestri nampa pamanggihipun Pangestu kanthi legawa saha sareh.

KAPUSTAKAN

- Brata, Suparto. (cetakan pertama). 2010. *Pawestri Tanpa Idhentiti*. Yogyakarta: Narasi.
- Damono, Sapardi Djoko. 1979. *Sosiologi Sastra (sebuah pengantar ringkas)*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Caps.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Poerwardarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: Scottweg 5.
- Priyanti, Endah Tri. 2010. *Membaca Sastra dengan Ancangan Literasi Kritis*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Purba, Antilan. 2012. *Sastra Indonesia Kontemprer*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra Peranan Unsur-unsur Kebudayaan dalam Proses Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suroso, dkk. 2009. *Kritik Sastra (Teori, Metodologi, dan Aplikasi)*. Yogyakarta: Elmaterra Publishing.
- Wiyatmi. 2008. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka.